

Itilize mouchwa osinon papye ijyenik ou ka jete aprè, epi jete l nan poubèl lè ou finn sèvi avèk li



Itilize mouchwa pou nen ou avèk bouch ou lè wap touse oswa etènye



GRIP H1N1 PREVANSYON AN NAN PLAT MEN 'W

Lave men ou de tanzantan avèk dlo ak savon



Evite al kote ki gen anpil moun epi ki pa gen tròp lè pase



Evite pase men ou nan zye ou, nan nen ou ak bouch ou

Evite kontak moun ou sispèk ki bay sinyal ak sentom grip H1N1

Pa itilize bagay lòt moun itilize deja;

Kisa sa vle di yon Grip?

Se yon maladi ki vini nan nenpòt moman nan ane a, li parèt plis nan sezon otòn, avèk sezon ivè, lè tan chanje, oswa lè tanperati a desann.

Li ka vini sou de fòm:

Tankou yon Grip nòmal osinon lè ou respire mal - SRAG (si sa parèt pi grav, li posib pou entènè lopital).

Sentòm



Fièv yon sèl kou



Touse san rete



Doulè nan gòj



Tèt fè mal



Doulè nan tout kò ou

Si tout fwa ou santi ou konsa, ale nan yon sant sante.

SENDRÒM GRIP

Aprè tout sentom sa yo, pou yon ti Bebe ki gen pi piti ke dez an ou ka wè li ap touse, nen bouche, difikilte pou respire.

Nòmalman sentom grip yo konn rive amelyore pandan yon semèn.

Fièv (tanperati $\geq 37,8^{\circ}\text{C}$) diminye nan 2 ou 3 jou.

Men, tous ak fatig epi mal alèz ka dire pou kèk semèn.

SENDWÒM RESPIRATWA GRAV (SRAG)

Parèt sou menm fòm avèk sendwòm grip la, anplis pwoblèm respiratwa -a avèk mal alèz, li bay lòt pwoblèm ki desann nivo oksijèn nan san avèk pwoblèm tansyon.

KILÈS KI DWE PRAN VAKSEN?

- Granmoun, 60 lane oubyen pi plis laj;
- Timoun ki gen pi piti ke 5 lane;
- Fanm ansent;
- Fanm ki gen 45 jou depi akouchman;
- Popilasyon Endijèn;
- Moun ki gen maladi kronik (diabèt, maladi kè, nan poumon osinon nan ren, moun ki gen iminite ba, etc.);
- Moun ki soufri obezite mòbid avèk maladi pou rezon pwoblèm Emoglobin, anemi falsifòm.

Pou Plis enfòmasyon:
prefeitura.sp.gov.br/saude
saudeprefsp



Organização
Pan-Americana
da Saúde



Organização
Mundial da Saúde
SECRETARIA REGIONAL DE AMÉRICAS



PREFEITURA DE
SÃO PAULO
SAÚDE